



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 97.7 MILYON DOLA POU SIPÒTE RANFÒSMAN OPSYON TRANSPÒ ALTÈNATIF NAN KOMINOTE LOKAL YO

Jwenn sipò pou konstriksyon nouvo twotwa, santye pou plizyè izaj, refij pou bis ak lòt amelyorasyon pou fasilite mwayen transpò ki favorab ak anviwònman an

Pwojè pou fè avanse objektif klimatik nasyonal Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te akòde 97.7 milyon dola a plis pase 30 kominote atravè Eta New York pou pwojè ki fè pwomosyon lòt opsyon mwayen depasman, ki favorab pou anviwònman an, tankou mache, monte bisiklèt oswa transpò an komen. Finansman an ap sipòte inisyativ ki amelyore aksè nan sistèm transpò pou tout itilizatè yo epi fè avanse pwogram nasyonal Eta New York ki se lidè nan peyi a, pou konbat chanjman klimatik la lè li sipòte konstriksyon nouvo twotwa, santye pou itilizasyon pataje ak lòt amelyorasyon ki fasilite itilizasyon mwayen depasman ki pa motorize epi redui emisyon gaz a efè de sè yo. Yo te rann pri yo disponib atravè Pwogram Transpò Altènatif (Transportation Alternatives Program, TAP) Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration) la epi ki administre pa Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la.

“Depi premye jou mwen te antre an fonksyon, mwen te investi nan devlope opsyon transpò miltimodal pou Nouyòkè yo atravè Eta a,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Lè yo bay kominote yo zouti yo bezwen pou devlope lòt opsyon mwayen depasman, n ap ede diminye emisyon yo pandan n ap kreye yon sistèm transpò ki pi sen epi pi dinamik ki benefisye tout Nouyòkè yo.”

Pwogram lòt opsyon transpò a konsantre sou pwojè ki gen rapò ak transpò ki bay enfrastrikti pou amelyore twotwa yo, sekirite pyeton ak bisiklèt, amelyorasyon aksè nan transpò piblik, wout ki sekirize pou ale lekòl pou elèv ak paran yo, ak kreyasyon rezo santye.

Yo te distribye pri 97.7 milyon dola TAP yo nan tout eta a bay 13 komin, 10 vilaj, senk vil, ak de konte separe, pami lòt. Kalite pwojè yo te divize an kat kategori:

- **57.8 milyon dola pou amelyore sekirite twotwa, pyeton ak bisiklèt**
Pri yo ap pèmèt gen pwojè amelyorasyon enfrastrikti pou ede kreye twotwa ki konfòm ak ADA, konekte sant aktivite ak kominote yo pou pyeton yo, epi amelyore sekirite bisiklèt sou wout lokal yo.
- **21.2 milyon dola pou kreye epi devlope rezo santye**
Pri yo ap ede konstui santye itilizasyon pataje epi amelyore koneksyon santye ak enfrastrikti pou pyeton ak bisiklèt yo epi amelyore sekirite jeneral opsyon santye yo.
- **17.3 milyon dola pou bay wout ki sekirize pou ale lekòl**
Pri yo ap devlope kantite wout ki sekirize pou ale lekòl pou favorize yon anviwònman ki pi sekirize, sen, epi ki pi aksesib pou timoun, fanmi, ak lòt pyeton.
- **1.3 milyon dola pou abri pou bis ak amelyorasyon transpò an komen**
Pri yo ap ede konstui refij pou bis pou ogmante opsyon mobilite yo epi amelyore aksè transpò piblik pou pyeton yo.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Investisman sa yo nan lòt pwojè transpò se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Kathy Hochul pou kreye yon enfrastrikti transpò ki pi rezistan epi dirab ki reyini yo ansanm epi garanti anviwònman nou pou jenerasyon alavni yo. Pwojè sa yo ap kreye plis kominote atravè Eta New York epi pèmèt plis moun itilize lòt mwayen depلاسman, k ap ede diminye emisyon gaz efè sèr epi amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè."

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Prepare New York paske gras ak lajan federal ke mwen te favorize atravè Lwa Bipati sou Enfrastrikti ak Travay la nou sou pwèn pou genyen yon ekspansyon bisiklèt, mach ak randone! Finansman sa vle di ri ki pi sekirize pou pyeton yo nan Rochester ak Utica, pi bon twotwa nan vil tankou Syracuse sou tout Inner Harbor a ak kominote riral tankou Long Lake epi devlope rezo santye pou randone atravè rejyon Nò NY la. Mwen fyè dèske m te prepare mwayen pou gwo investisman sa yo nan wout vèt, santye pou bisiklèt ak mach ak enfrastrikti transpò ki elaji pou kenbe rejyon Nò New York la ap ale vè yon avni ki pi pwòp, sen, epi pi aksesib".

Reprezantan Joseph Morelle te deklare, "Chak moun merite gen transpò ki sekirize, nan pri abòdab epi ki aksesib nan kominote yo — ki enkli pou chofè ak pyeton yo menm jan. Investisman nan Rochester ap ede diminye konjesyon nan trafik, ogmante sekirite pyeton epi kontribye nan yon meyè eksperyans travay. Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman li pou soutni transpò ki dirab epi sekirize nan kominote nou an, epi mwen enpasyon pou nou kontinye travay ansanm."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Transpò se plis pase machin ki sou wout la. Investi nan sekirite pyeton ak transpò piblik vle di investi nan kominote ki pi pwòp ak pi bon opsyon transpò. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li rekonèt bezwen pou investisman sa yo epi priyorize sante anviwònman nou ak sekirite Nouyòkè yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "7.9 milyon dola ki envesti nan New York Santral pa biwo Gouvènè a ap ede kreye kominote ki pi aksesib apye ak sou bisiklèt, pandan n ap adrese reparasyon ki nesèsè sou wout sa yo. Envestisman sa nan enfrastrikti transpò ranfòse kominote yo epi kreye opòtinite pou diminnye emisyon gaz efè sèr yo atravè opsyon transpò ki pi sen."

Yo te chwazi pwojè yo atravè yon pwosesis apèl dòf ki konpetitif epi yo evalye yo dapre kritè ki etabli ki enkli benefis pou piblik la, amelyorasyon nan kalite lè, rantabilite ak patenarya. Pwojè a yo dwe gen rapò ak sistèm transpò sou tè a yo epi tout popilasyon an dwe gen aksè total. Prim pwojè TAP yo ap bay yon total ant 500,000 dola ak 5 milyon dola pou yon pwojè patikilye. NYSDOT pral bay jiska 80 pousan nan depans total elijib pwojè yo ak yon fon kontrepati minimòm 20 pousan ke esponsò pwojè yo pral founi. Depans pwojè elijib yo ka gen ladan planifikasyon, sèvis konsepsyon/enjenyeri, akizisyon dwa pasaj, konstriksyon, ak enspeksyon konstriksyon.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda Gouvènè Hochul la k ap mennen nan nasyon an se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye djòb epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektisite zewo-emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li bati sou ogmantasyon enèji pwòp san parèy New York ak kreyasyon plis pase 150,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la. New York ap bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè sè yo nan 85 pousan pa rapò ak nivo li te ye an 1990 disi rive 2050, pandan y ap satisfè yon objektif pou bay 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou kominote defavorize yo epi avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminnye konsomasyon enèji sou plas pa 185 trilyon BTU (British thermal units) nan ekonomi itilizasyon final yo. Plan [kadraj](#) CLCPA a sèvi kòm fondasyon pou fason New York ap diminnye emisyon gaz a efè sè nan tout sektè, ki enkli sektè transpò a, ogmante itilizasyon enèji renouvlab, epi asire tout kominote yo benefisye tranzisyon enèji pwòp nan fason ki ekitab.

Pwojè TAP yo atribye yo

Rejyon Kapital - 4.3 milyon dola

- 1,481,600 pou Vilaj Altamont pou enstalasyon twotwa ak amelyorasyon sou Maple Avenue ak Bozenkill Road.
- 1,626,720 dola pou Komin Malta pou amelyore yon santye pyeton ak bisiklèt sou tout Route 9 la.
- 1,193,187 dola pou Komin North Greenbush pou konstriksyon twotwa sou Route 4 la.

New York Santral - 7.9 milyon dola

- 803,898 dola nan Vilaj Solvay pou amelyorasyon Santye Empire State ansanm ak reparasyon sou Belle Isle Road.
- 3,146,400 dola pou amelyorasyon twotwa Vil Syracuse nan zòn Inner Harbor la.
- 3,944,000 dola pou Vil Syracuse pou konstriksyon yon santye pou itilizasyon pataje separe sou Santye West Side la.

Finger Lakes: 10.3 milyon dola

- 1,153,534 dola pou Vil Batavia pou enstale twotwa ki konekte lekòl elemantè Jackson Street ak Lekòl entèmedya Batavia.
- 3,475,945 dola pou Komin Livonia pou konstriksyon ak ekstansyon twotwa sou Big Tree Road.
- 679,511 dola pou Konte Monroe pou konstriksyon yon etablisman edikasyon sou sekirite sikilasyon mobil pou ankouraje patisipasyon nan Wout sekirize pou ale lekòl.
- 3,970,400 dola pou Vil Rochester pou apezman sikilasyon ek sekirite pyeton yo nan 12 entèseksyon priyoritè.
- 1,090,557 dola pou Komin York pou twotwa, pasaj nan wout, siyalizasyon, ak plantasyon pye bwa nan apwoch entèseksyon Stare Routes 63 ak 36.

Long Island - 6.9 milyon dola

- 4,028,800 dola pou Vilaj Garden City pou konstui oswa rekonstui ranp twotwa pyeton pou règ ADA yo nan kote ki sible yo.
- 2,947,840 dola pou Komin Southampton ranfòse enfracstrikti pyeton sou tout segman twa kilomèt Nyack Road la.

Mid-Hudson - 28.5 milyon dola

- 1,088,499 dola nan Komin Crawford pou retire epi ranplase twotwa ak pasaj pyeton pou reponn a tout egzijans ADA yo sou State Route 52 ak Seybolt Lane.
- 3,859,742 dola pou Komin Greenburgh pou amelyorasyon pyeton ki enkli pyeton, ranp, ak pasaj pou pyeton sou tout Old Army Road.
- 2,341,220 dola pou Komin Greenburgh pou konstriksyon twotwa sou State Route 100A ant Sant Komèsyal Knollwood ak Sant Sante Greenburgh.
- 1,472,000 dola pou Vilaj Hastings-on-Hudson pou konstui nouvo seksyon twotwa sou Rosedale Avenue, ajoute basen kaptaj, epi reyabilite eskalye ki konekte Rosedale Avenue rive nan Hamilton Avenue atravè Prescott Place.
- 1,224,480 dola nan Komin Mamaroneck pou amelyorasyon Colonial Avenue pou bay yon wout ki sekirize pou timoun ak paran lekòl elemantè yo.
- 5,000,000 dola pou Komin New Castle pou yon santye plizyè izaj (ChapLine) ki konekte Kafou Chappaqua a yon baz bisiklèt nan Chestnut Oaks.
- 1,600,000 dola pou Vilaj Rhinebeck pou modènizasyon sekirite ak koneksyon santye pou itilizatè yo ak tout fonksyonalite yo.
- 3,878,789 dola pou Vilaj Sleepy Hollow pou enstalasyon ak konstriksyon twotwa, bòdi, ranp, ak siyalizasyon istorik nan sant vizit piblik nan Pak Devries.

- 1,715,270 dola pou Vilaj Wesley Hills pou enstalasyon twotwa ki konfòm ADA soti Willow Road rive Lime Kiln Road.
- 5,000,000 dola pou Vil Yonkers reyabilite South Broadway, ki ranplase twotwa, pave wout, enstale nouvo ekleraj ak pyebwa, epi kreye nouvo liy bisiklèt.
- 1,361,120 dola Depatman Otowout Konte Rockland pou amelyore sekirite pyeton ak siklis nan entèseksyon kle nan Komin Stony Point.

Mohawk Valley - 6.7 milyon dola

- 1,498,624 dola pou Komin Kirkland pou konstui yon pon pyeton, de pwen depa ki gen paking ak yon lajè 10 pye, seksyon 4,600 pye pou Faz 2 ki pwopoze a nan Santye Kirkland.
- 4,613,276 dola pou Vil Utica – Depatman Enjenyeri pou konstriksyon sèt blòk nouvo enfrasitriki pyeton ak siklis, ki diminye Broad Street pou pase de kat a de liy pou akomode liy pou bisiklèt, medyàn santral, ak twotwa plizyè itilizasyon.
- 589,760 dola pou Otorite Transpò Distri Kapital la pou konsevwa epi konstui yon amelyorasyon entèseksyon nan Amsterdam pou jere sekirite pyeton ak aksè nan transpò an komen pi byen.

Vil New York - 5 milyon dola

- 5,000,000 dola pou Depatman Transpò Vil New York pou amelyorasyon sekirite toupre sis lekòl nan kominote ki devavorize.

North Country - 3.1 milyon dola

- 1,192,458 dola pou Komin Long Lake pou konstriksyon ak ranplasman twotwa sou tout Main Street.
- 1,948,000 dola pou Depatman Planifikasyon Konte Clinton pou reyabilitasyon ak remiz a nèf Pon Keeseville Swing Bridge pou prezève yon estrikti transpò istorik ki bay yon swout pyeton sou Rivyè AuSable.

Southern Tier - 7.9 milyon dola

- 4,112,000 dola pou Vilaj Dryden pou konstui nouvo twotwa sou tout Mott Road, North Road, State Roue 13, Enterprise Drive, Ellis Drive, Freeville Road toupre Dryden Middle and High Schools, ak Union Street toupre Elementary School.
- 1,146,400 dola pou Komin Ithaca pou konstui yon santye plizyè izaj ak ekleraj sou tout East Shore Drive soti nan entèseksyon Cayuga Street rive nan entèseksyon ak James L. Gibbs Drive.
- 2,656,000 dola pou Vilaj Trumansburg pou konstui yon nouvo sistèm twotwa sou tout Main Street toupre Trumansburg Central School District.

Lwès New York - 16.8 milyon dola

- 2,785,194 dola pou Komin Hamburg pou yon nouvo sistèm miltimodal ki enkli konstriksyon nouvo twotwa, liy pou bisiklèt, ak pasaj sou tout South Park Avenue.
- 3,392,800 dola pou Vilaj Lancaster pou konble eka nan rezo pyeton ak bisiklèt sou tout Central Avenue.
- 5,000,000 dola pou Depatman Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Department of Parks, Recreation and Historic Preservation) pou refè sifas ak reparasyon ponso sou onz kilomèt santye soti nan State Route 5 sid rive nan paking York Landing.
- 5,000,000 dola pou Depatman Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik Eta New York pou konstui epi amelyore ponso nan plas drenaj kle yo ki paralèl ak State Route 19/19A epi konstui yon tantativ kontini nan seksyon ki te pèdi anvan yo.
- 695,767 pou Seneca Nation of Indians pou konstui refij pou bis sou de tèritwa rezidansyèl Seneca Nation yo: Tèritwa Allegany ak Tèritwa Cattaraugus.

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekita, epi rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)